

Rekritman travayè H-2 ki soti Ayiti: Resous pou Patwon yo

Ede Ayiti – Angaje yon Ayiti

Nan mwa janvye 2012, Depatman sekite enteryè ameriken (US Department of Homeland Security-DHS) te ajoute Ayiti nan lis peyi ki kalifye pou pwogram viza H-2 a ki pèmèt travay pou yon ti bout tan nan anplwa ki pa twò kalifye Ozetazini. Sant pou Developman Global (Center for Global Development-CGD), yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi ki chita nan Washington DC ki fè yon etid ekonomik sou politik ameriken konsènan peyi an developman yo, ankouraje entegrasyon peyi d Ayiti nan pwogram nan pou pèmèt relanse ekonomi li. CGD te idantifye plizyè resous plizyè pou anplwayè ki enterese ak mendèv ayisyen an.

Rekrite an Ayiti

Patwon ameriken yo lib pou travay ak rekrite ki nan chwa yo an Ayiti. CGD te idantifye nan Pòtoprens rekrite serye sa yo ki te montre yo enterese nan ede jwenn travayè pou pwogram viza H-2 a:

Haiti Staffing and Business Resources (HS-BR)

Kontak : Rose L. Jeudy, président
président

Pòtab : +509 3701-7519

Imèl : rjeudy@hs-br.com

Sit Entènèt : www.hs-br.com

Skype : Rjeudy

Job 509

Kontak : Cedric Brandt,

Pòtab : +509 3701-9007

Tel.Biwo : +509 2940-9509

Imèl : cedric@job509.com

Sit Entènèt : www.job509.com

Skype : tced07

Gouvènman Ayisyen

Ministè Afè Sosyal ak Travay gen yon biwo nasyonal pou Migrasyon (ONM) ki travay ak Òganizasyon Entènasyonal pou Migrasyon (OIM) pou fasilite enfòmasyon sou pwogram viza yo, epi asire pratik ki jis nan rekritman travayè ki elijib yo, sa gen ladann obligasyon legal pou retounen an Ayiti. Pou jwenn kontak dirèk nan men òganism sa yo, tanpri kontakte sèvis migrasyon CGD a nan adrès imel sa a : migration@cgdev.org.

Trètman nan Anbasad Ameriken

Divizyon Zafè konsilè yo nan anbasad ameriken nan Pòtoprens manifeste volonte li pou rankontre oswa dialoge ak anplwayè ameriken ki enterese nan anbochaj travayè ayisyen yo nan kad pwogram viza H-2 a. Anbasad la kreye adrès imèl sa a pou reponn kesyon sou pwosesis viza H-2 a: h2papniv@state.gov.

Enfòmasyon sou viza non-imigran :

<http://haiti.usembassy.gov/which-visa-temporary-work.html>

Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou sit entènèt nou an ki anba a oswa voye yon imèl bay migration@cgdev.org